

La Bib pou ti moun prézanté



Prens lan vin tounen bèje



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : M. Maillot; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon jou, Moyiz te wè yon Ejipsyen
k ap bat yon esklav Ebre. Malgre
Moyiz te grandi epi li te
resevwa edikasyon kòm
yon prens nan palè
Farawon an, li te yon
Ebre tou. Li te
oblige ede
esklav la.

Moyiz te gade ozalantou pou l asire li pèsonn pa t ap gade, li te atake mechan mèt esklav la. Pandan batay la, Moyiz te touye Ejipsyen an. Li t antere kò a byen vit.




3

Nan demen, Moyiz te wè de Ebre k ap goumen. Li te eseye separe yo. Youn ladan yo te di : "Èske w apral touye m, menm jan w te touye Ejipsyen an ?" Moyiz te pè. Tout moun te konnen sa ki te pase a nan ayè. Farawon an te konnen tou. Moyiz te dwe chape poul li. Li t ale nan yon peyi ki te rele Madyan.



4

Pandan Moyiz t ap repoze li bò yon pi, sèt pitit fi prèt Madyan an t ap plen ganmèl yo pou yo bay bèt papa yo a dlo.



5

Genyen kèk lòt bèje ki t ape eseye chase yo. Moyiz te pwoteje ak ede jenn fi yo.



6

"Nou retounen bonè wi !" Reouèl, papa timedam yo, te di byen fò. Lè tifi yo te eksplike l poukisa, li te di : "Ale chache nonm sa a." Moyiz te rete ak Reouèl, ki te rele Jetwo tou. Pita, Moyiz te marye ak pi gran pitit fi Reouèl la.



7

Lè li te retounen nan peyi Lejip Farawon an te mouri. Pèp Bondye a, Ebre yo, te toujou esklav. Yo t ape souffri ak doulè !



Yo te priye epi mande Bondye vin ède ! Bondye te tande priyè yo.


8

Moyiz pa te konnen sa, men Bondye te genyen plan pou li sèvi avèk li pou l delivre esklav ebre yo. Karant lane te pase depi Moyiz te kite peyi Lejip. Li te bèje twoupo Reouèl yo. Men, li dwe te sonje pèp li a nan peyi Lejip anpil.




9

Yon jou, Moyiz te wè yon ti touf bwa ki te pran dife. Men, dife a pa te detwi ti touf bwa a. Moyiz te deside al chèche konnen poukisa.



10

Lè Moyiz † ap pwoche, Bondye te rele l nan mitan touf bwa a. "Moyiz !" "Men mwen la a !" "Pa pwoche twò pre," Bondye di li. "Retire sandal ou paske kote sa a sen."




11

Bondye di li : "Mwen ap voye w ale kote Farawon an pou w kapab delivre pèp mwen an nan peyi Lejip." Men, Moyiz te pè pou l ale.



12

Lè sa, Bondye te montre Moyiz gwo pouvwa li. Li te transfòme baton Moyiz la fè li tounen sèpan.



13

Lè Moyiz te ranmase sèpan an nan ke l, li te tounen yon baton ankò. Bondye te ba li yon lòt siy.



14

"Metè men w sou lestomak ou," Bondye te bay Moyiz lòd. Moyiz te fè sa. Men li te vin blanch epi li te kouvri ak lèp.




15

Lè li te retire men l, li te geri.



16

Moyiz te kontinye ap pwoteste. Li te di Bondye, "Mwen pa konn pale." Bondye te vin fache. "Mwen ap sèvi ak frè w la Arawon pou li pale nan plas ou."



17

Moyiz te retounen kote Jetwo, li te ranmase tout bagay li yo, epi li te pati pou peyi Lejip.



18

Bondye te mennen Arawon pou l ale rankontre frè li a Moyiz sou mòn nan. Moyiz te rakonte Arawon plan Bondye te genyen pou li delivre pèp Ebre a anba men Ejipsyen yo.



19

Ansanm, yo te pote nouvèl la bay chèf ebre yo. Lè Moyiz te montre ansyen yo siy yo, yo te kwè Bondye t ap ral ede yo. Ansanm, yo te mete ajenou pou y adore Bondye.



20

Avèk kouraj, Moyiz ak Arawon te ale kote Farawon an. Yo te di li : "Bondye ba w lòd, kite pèp mwen an ale."



21

"Mwen p ap kite Izrayelit yo ale", Farawon an te reponn yo. Li pa te vle obeyi Bondye.



22

Bondye † apral oblije itilize gwo pouvwa li pou l fè Farawon an chanje lide.



23

Prens lan vin tounen bèje

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Egzòd 2-5

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130

24

Fen

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Piniyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16